



Videyo Komisarya Polis Ayisyen

2023-021-FB-MR

Nan mwa me 2023, yon itilizatè Facebook te pibliye yon videyo ki gen yon soutit an Kreyòl Ayisyen. Videyo a montre yon gwo gwooup moun ki mete rad sivil, k ap antre nan yon komisarya polis epi k ap pwoche bò yon selil ki fèmen ki gen yon nonm andedan li. Videyo a montre yon moun nan gwooup sa a k ap eseye kraze seri pòt selil la. Plizyè lòt moun t ap ankouraje sa a. Nan fen videyo a, gen yon moun ki rele “bwa kale nan bouda w.” Tradiksyon literal Meta pou fraz sa a se “stick up your ass.” Dapre entèpretasyon Meta lè l ap refere dosye a bay Konsèy la, fraz sa a endike yon apèl pou gwooup la “fè yon aksyon kont moun nan, nan ‘estil bwa kale’—nan lòt mo, pou lenche (egzekite) li.” Meta entèprete ke itilizasyon ekspresyon ‘bwa kale’ a fè referans ak mouvman sivil ki gen menm non an ki enplike pou sivil yo rann jistis ak pwòp men yo kont swadizan mamm gang yo. Videyo a akonpaye ak yon soutit ki dekri sa k ap pase a epi ki deklare tou ke lapolis la “pa ka fè anyen”. Yo te gade piblikasyon an plis pase 500 000 fwa epi yo te gade videyo a apeprè 200 000 fwa.

Meta te retire kontni an sou Facebook selon Règ Kominotè sou [Vyolans ak Ensitasyon](#) li a. Yon patnè ki fyab te siyale videyo a anvan bay Meta pou verifikasiyon, ki te avèti li ta ka ensite plis vyolans. Pwogram [Patnè fyab](#) Meta a se yon rezo òganizasyon non gouvènmantal, ajans imanité, defansè dwa zimen ak chèchè ki soti nan 113 peyi toupatou nan mond lan. Patnè fyab yo ka repòte kontni bay Meta epi bay fidbak sou règleman ak aplikasyon règ sou kontni konpayi an. Meta te detèmine videyo a te reprezante yon deklarasyon pou komèt krim ak yon apèl pou vyolans ki grav anpil alafwa, epi li te siprime li. Règleman sou Vyolans ak Ensitasyon konpayi a entèdi “menas ki ta ka mennen nan lanmò (ak lòt kalite vyolans grav),” ki genyen “deklarasyon entansyon pou komèt vyolans ki grav anpil” ak “apèl pou vyolans ki grav anpil.” Meta otorize kontni ki ta ka vyole règleman sa a yon lòt fason, si yo pataje l pou kondane vyolans ki grav anpil oswa pou sansibilize sou sa, epi entansyon an klè. Men, nan ka sa a, Meta pa t twouve okenn entansyon ki klè.

Meta te rekòmande dosye a bay Konsèy Siveyans la, kote li deklare li soulve kesyon konsènan fason konpayi an ta dwe trete kontni “pa yon mouvman vijilans anti-gang ann Ayiti,” ki se fason li dekri Bwa Kale. Meta eksplike ke dosye a enpòtan epi difisil akòz ensekirite a ann Ayiti ak empak mouvman Bwa Kale a genyen sou moun yo. Meta fè remake tou ke desizyon li pou siprime kontni a te baze sou opinyon ak kontèks reyonal.

Konsèy la te chwazi dosye sa a pou eksplore règleman ak pratik Meta yo nan moderasyon kontni pandan kriz san kanpe a ann Ayiti. Dosye sa a antre nan youn nan [sèt priyorate estratejik](#) Konsèy la, espesyalman “sitiyasyon kriz ak konfli yo.”



Konsèy la ta apresye kòmantè piblik yo ki abòde:

- Kijan yo ta dwe trete kontni ki dekri sèn gang oswa vvolans gwoup k ap defann tèt yo, ak kijan Meta ta dwe evalye si kontni sa a ta ka lakkòz oswa kontribye nan vvolans fizik.
- Moderasyon kontni Meta an Kreyòl Ayisyen.
- Opinyon sou kriz la ann ayiti, patikilyèman sou mouvman Bwa Kale a ak reprezentasyon li sou rezo sosyo yo.
- Operasyon pwogram Patnè Fyab Meta a ak enpak li sou kriz ak sitiyasyon konfli yo.

Nan desizyon li yo, Konsèy la ka pibliye rekòmandasyon règleman yo bay Meta. Menm si rekòmandasyon yo pa obligatwa, Meta dwe reponn yo nan 60 jou. Nan ka sa a, Konsèy la apresye kòmantè piblik ki pwopoze rekòmandasyon ki enpòtan pou dosye sa a.